


# Dwa ak Responsablite Ou nan Lekòl

Tout timoun and jèn moun nan peyi Etazini gen dwa pou yo benefisyé yon edikasyon piblik ki gratis, kèlkeswa estati legal yo, lang yo pale, oswa nivo lekòl yo.



## DWA:

### Dwa Timoun ak Jèn Moun yo:

- Pou yo resewwa sipò nan lekòl antanke "moun k ap aprann Anglè"
- Pou yo jwenn dokiman ki adapte pou nivo yo nan tout matyè yo
- Pou yo mete yo nan yon anviwònman avèk lòt elèv ki gen menm laj ak yo
- Pou yo patisipe nan nenpòt pwogram lekòl la ofri, tankou pwogram pou elèv ki avanse yo oswa elèv ki gen andikap, nan klèb, ak espò
- Pou yo genyen yon anviwònman ki san danje, òganize, epi san dwòg kote pa gen entimidasyon, tizonnay, ak okenn fòm diskriminasyon

### Dwa Paran/Moun k ap Bay Swen yo:

- Pou lekòl la ba yo enfòmasyon nan yon lang yo konprann; sèvis tradiksyon sa yo dwe gratis epi fòk se pèsonèl ki kalifye ki pou bay sèvis sa yo
- Pou yo konnen pwogrè timoun yo a nan lekòl la epi mande yon reyinyon avèk pwofesè yo nenpòt lè pandan ane lekòl la
- Pou yo fè yo konnen lè pitit yo a nan pwoblèm epi pou yo konnen reyaksyon lekòl la
- Pou yo mande èd si pitit yo a gen difikilte pou l aprann oswa si li gen pwoblèm sante oswa pwoblèm konpòtman ki fè l pa ka aprann

## RESPONSABLITE YO:

### Responsablite Timoun ak Jèn Moun yo:

- Ale lekòl regilyèman
- Rive lekòl alè
- Pare pou yo aprann chak jou
- Suiv kòd abiman lekòl la
- Ede kenbe yon anviwònman lekòl ki san danje epi ki òganize
- Pa goumen avèk lòt elèv, pa pote zam ni dwòg nan lekòl la, pa antre nan gang, pa di betiz ni menase moun
- Montre respè ak konpasyon pou byen ak dwa lòt moun

### Responsablite Paran/Moun k ap Bay Swen yo:

- Asire pitit yo a ale lekòl chak jou epi mete lekòl la okouran lè pitit yo a p ap vin lekòl
- Reponn demann pwofesè yo oswa pèsonèl lekòl la fè pou yo pale nan telefòn oswa fè reyinyon
- Asire timoun yo a fè devwa yo chak jou

Si w vle jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb Sant Resous nou genyen pou Timoun ki Pa Gen Moun Akonpaye yo a, ki se: [ucresourcecenter.org](http://ucresourcecenter.org)

Dokiman pou Fanmi yo:

Dwa ak Responsablite Ou nan Lekòl